«БАККЪАЛ А, ДАЛЛА (ШУЬГАХЬ) ДУКХАДЕЗАШ ДОЛУ ШИ ХIУМА ДУ: КIЕДА-МЕРЗА А, СОБАРЕ А ХИЛАР».

*(Хьадис)*



Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – 1 степени в 2010 году



Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.




# Исламан зIаьнарш

أشعّة الإسلام

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

*Дала бакъо толайойла!*

*Кадыров А.-Х.*

Арахеца долийна 1990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября 1990 года

2016-чу шеран май беттан 12-гIа де
1437-чу шеран Ша1бан беттан 5-гIа де
12 май 2016 год № 9 (362)


*Т1ОМ – АКХАРАЛЛА Ю. Т1АМНА ГЕНА ДОВЛАЛАШ, НАГАХЬ САННА МОСТАГ1 ШУЬГАРА ДИН, СИЙ, Д1АДАКХХА ВЕАНА ВАЦАХЬ. ШУН НИЦКЪ – ИЗА ХЬЕКЪАЛ, СОБАР, НИЙСО Ю ШУНА. МОСТАГ1ЧУЬНГА ЛАЛУР БАЦ И НИЦКЪ, МАЦЦА А ЦКЪА ИЗА ША ЭШНА ХИЛАРНА КЪЕРА ЦА ХИЛЧА ВЕР ВАЦ. ЦХЬАЬННАН А НИЦКЪ КХОЧУР БАЦ ШУН БАКЪДЕРГ ЭШО, НАГАХЬ САННА ШУ ДИНАН НЕКЪА Т1ЕРА Д1А ЦА ДОВЛАХЬ.*

*(Кунта-Хьаьжин хьехам)*

## ПОЭЗИ

**ЛАРАМЕ ПАЧЧАХЬ**

Вайн дайша олур-кха
Шайн хазчу къамелехь:
«1ам лаьттинчу меттехь
Ишал ца эшна».

Къонаха ваьхначохь
Къонаха кхуьур ву,
Вайн махка б1аьрг тоьхча
Тахана и гуш ду.

Къонаха вара Ахьмад,
Болатан дог долуш.
Шен къоман ва дуьхьа
Ша г1одаюкъ йиххина.

1елимстаг кхалхарна,
Стигалахь кор долу,
Латтанаш доьлху-кха
Къематде даллалц.

Дас динчу нийятах
Шен нийят х1уттуш,
К1ант кхиар дозалла ду,
Махкана кхайкхам бан.

Дас юьхьарлаьцна некъ,
Ша ц1ена д1акхоьхьуш,
Халкъана-махкана
Пайдехь ша волуш.

Шари1ат, Т1арикъат
Шен сина ва дезаш,
Цуьнан к1ант кхиарна,
Хастам бу вайн Далла.

Баккхийчийн ларам беш,
Кегийчийн 1уналла деш,
Шен мехкан дола деш,
Хиларна хастам бу.

Баркалла ду хьуна,
Лараме паччахь,
Г1аланаш хазъярна,
Ярташ ахь тоярна.

Баркалла хьуна, х1ай,
Маьждигаш дог1арна,
Хьуьжарш ахь яхкарна,
Т1айш-некъаш дахкарна.

***Хайдарханов Ризван***

# КЪОНАХЧУН ВАХАР А, КХАЛХАР А...



*«Къонах вича, лаьмнашкахь борз ехкина, къонах кхелхича лаьмнаш гIайгIане хилла техкина»*

Дерриге а диканиг вайна дохьуш веанера Ахьмад-Хьаьжа. БIеннаш шерашкахь нохчийн халкъо лайначу баланашна Кхоьллинчу Дала диканца бекхам беш, вайна велла вара иза. Амма дукха ваха кхоьллина ца хиллера, хьалха ша везаш тIелацар доцучара а, цкъа а къобалвийр вац моьттучара а къобалвина тIеэцначул тIаьхьа, везавеллачул тIаьхьа, гIийлачийн, мискачийн дегнашна ца йоьрзу йолу чов еш, дуьненчуьра дIавахара вай къоман баьчча Кадыров Ахьмад-Хьаьжа.

«Къонах вича, лаьмнашкахь борз ехкина, къонах кхелхича лаьмнаш гIайгIане хилла техкина», – олуш ду вайн. Ахьмад-Хьаьжа кхелхича, Кавказан лаьмнаш гIайгIане хилла техкира, моттаделира хIинцца яьккхина паргIато хьаьшна дIаели, цхьана ханна бIаьргашна дуьхьал бода беара, массо а хьере вара, хиндерг бодане дара…

ШариIат дезаш волуш, тIарикъатан некъ бевзаш волуш, шен Устаз даггара къобалвеш, бакъдерг дIаалар ният долуш, мостагIех кхерар Дала дагтIера дIададьккхина, вуьззина бусалба а волуш, къонах вара Ахьмад-Хьаьжа.

И санна волчу стеган кхечу кепара дахар хуьлийла а дацара. ДегI эла хилла ца Iаш, са а эла дара цуьнан, шен накъостел дукха лекха вара иза. Хеталора, хир вуй те и санна нохчийн къомана хьалхавала, нохчийн къомах доглозуш, Делах кхоьруш волуш къонах вайна.

Иза волуш хиллера. Къинхетамечу Дала, гIийлачу нохчийн халкъах къа а хетта, Ахьмад-Хьаьжин метта цуьнан кIант Рамзан велира вайна. Хьалхарчу дийнахь дуьйна цунна уллохь вара жима Рамзан – шен ден тешаме, хьекъале накъост, цуьнан гIоьнча…

***Заурбеков МаIсуд***

## Соболезнование Главы Чеченской Республики, Героя России Р.А.Кадырова в связи с кончиной Абдул-Баки Джамо

Ассаламу алайкум! Завершился жизненный путь великого сына чеченского народа Абдул-Баки Джамо. Да смилостивится Всевышний Аллах над ним. Это был известный во всем мире религиозный, государственный, политический и общественный деятель Иорданского Хашимитского Королевства. Абдул-Баки Джамо занимал посты министров, неоднократно избирался в парламент Иордании. Он очень живо откликался на общественно-политические и военные события в Чечне. Его заявления, комментарии и высказывания всегда носили принципиальный характер. Сердце Абдул-Баки Джамо было с Чечнёй и с чеченским народом. Все мы в этом грешном мире временные гости. Выражаю соболезнование королю Иордании Абдалле Второму, родным и близким Абдул-Баки Джамо. Уверен, что имя Абдул-Баки Джамо будут помнить многие поколения нашего народа. Мы примем необходимые меры для увековечения памяти о нём. В ближайшее время имя Абдул-Баки Джамо будет присвоено одной из улиц Грозного.

***На пути Аллаха***

# О ВАЖНОСТИ РЕЛИГИОЗНЫХ ЗНАНИЙ

Всевышний говорит:

«Аллах свидетельствует (показывает людям посредством знамений и доводов), что нет Бога (достойного поклонения), кроме Него, и ангелы и (люди) обладающие знанием (свидетельствуют об этом). (Также Аллах, его ангелы и обладатели знаний свидетельствуют о том, что) Он вершит справедливость (в определении удела каждого). Нет Бога кроме Него, Величественного, Мудрого!»

*(Алу -Имран – 18)*

Также Всевышний говорит:

«…Аллах возвысит (в райских) степенях тех из вас, которые уверовали, и тех кому даровано знание»

*(Аль-Муджадиля – 11)*

Также Всевышний говорит:

«…Поистине, Аллаха, среди Его рабов, боятся только обладающие знаниями».

*(Аль-Фатыр – 28)*

Т.е. чем больше у верующего знаний об Аллахе, тем больше он испытывает перед Ним почтительный страх.

В достоверном хадисе сказано: «Тому, кому Аллах желает добра, Он даёт понимание религии».

*(Аль-Бухари, Муслим)* Этот благородный хадис тоже указывает на важность знания и понимания религии.

Посланник Аллаха, да благословит его Аллах и приветствует, сказал: «Сон постящегося – это богослужение, его молчание – это восхваление, его богослужение удваивается, его просьба удовлетворяется, его грех прощается».

*(Аль-Байхаки бисанадин даиф)*

Посланник Аллаха, да благословит его Аллах и приветствует, сказал: «Сон обладателя знаний лучше молитвы, совершённой без знаний».

*(Абу Нуайм)*

Т.е. учёный спит с намерением восстановления сил для совершения богослужения, а молитва в Исламе требует детального изучения.

***С. Муртазаев***

**АХЬМАД-ДУКЪ-ХЬАЬЖИН ЗЕРАТ** – къубца каш ду ТIехьа-Мартан кIоштан ШаIми-Юьртахь.

Ахьмад-Дукъ-Хьаьжа Берс-Шайхан тIаьхьенах ву. Iусман-Хьаьжас хьехна хилла цунна Iилма.

IабдулвахIаб-Хьаьжин мурд хилла а, цо уьзда делла а хилла Ахьмад-Дукъ-Хьаьжа.

I921-чу шарахь дIакхелхина иза.



## ТАХАНА ЛОЬМАРЕХЬ

**2-гIа агIо**

**Юнус-пайхамарх лаьцна**

«Юнусана (Делера салам хуьлда цунна) шен къомах хилларг хууш ца хилла. Дала дина омра а доцуш, иза адамех доьттинчу хIордкемана тIехиъна. Кема дехьо даьлча, хIорд ловзабаьлла, уьш хIаллакьхила гергабахана. Кема дайдархьама, цунна тIера маххьаш хIорда чу кхийсина цара, амма и дайлуш ца хилла....»

**3-гIа агIо**

**Без вины виноватый**

«Еще в царские времена власти преследовали известных духовных лиц, шейхов-авлия и выселяли их из Чечни в разные губернии, из-за боязни их популярности в народе. В советское время они также почитались народом и простые люди советовались с их потомками. У многих из них судьба сложилась трагически...»

**4-гIа агIо**

**Ойланаш**

«Массо а адам Дала кхоьллина ду. Массо а Цунна хьалха цхьабосса дIахIотта везаш а ву. Ткъа муьлха хир ву те цунна хьалха сийлахьниг? Доьзал ийманехь кхиийнарг хир ву те? Я доьзалан массо хьашт кхочушдеш, амма цунна дика-вон къасто ца Iамийнарг хир ву те?..»

Ларамe газетдешархой! ХIокху газет тIехь язйина АллахIан еза цIерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хIара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакхиссар

№ 9 (362)
Исламан зlаьнарш
أشعة الإسلام
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

# НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ЖОЬПАШ ЛО

**Ламаз дечу заманчохь цхьа меже кlамъелла, мlара хьакха лиъча, ламазна чекхвалалур воцуш делахь, я ламаз тlера ойла дlахьовзош, мlара ца хьаькхча новкъарло йолуш нисло. Иштта ламаз тlехь лаьтташ и маlар хьакха мегар ду я дац?**

Дукхазза ас тидам бина, Делан цlен тlе (Хьаьжцlа) боьду некъ Дала шен комаьршаллица алсамбаккхар бахьана долуш, хlокху цlахь болчу хенахь ламаз лерина лелош хилла болу нах, оцу lаьрбийн мехкашка бахча, ламаз тlехь лаьтташ цигарчу бусалба наха башхалла а доцуш, кlамвелча мlара а хьокхуш, ламаз дихкина а долуш буьйлабелла а лелаш, меттиг хьеелча юкъара дlа а оьхуш - иштта и хlуманаш шайна цигахь дайча, «хlара аша ма чlогlа леладо, хlорш Макки чохь ма бу, хlорш Медината чохь ма бу, хlокхарна ца хаьа шуначул дика» бохуш, оха хlинццалц шайна хьехнарг lадда а дуьтий, цигара и керла хlуманаш lама а дой, цlа а оьхуш шайна ма-луъу ламазехь хьала-охьа теlаш, ларбаларш кlезиг ду хьаьжой а хилла цигара цlа баьхкина болчу вайн нахехь.

И хаттар дина суна тlех хазахета, тидам бан безаш хlума ду иза. Хьовсал, Дела резахиларш, Хьанафийн мазхlабехь бехкаме дац ламазехь меженаш меттахъхьеяр, къилбехьа дlавирзина хилчхьана шозза, кхузза, доьазза меже хьайича а церан ламаз ца духу. Шафиlийн мазхlабехь ду вай, вайн мазхlабан имамо цхьа меже кхузза хьайича, шозза-кхузза цхьана метте дlасахьаькхча ламаз духуьйтуш ду, боху вайга. Цатораллина цхьа ницкъ а хилла цхьана хlумано къовзийна велахь, мlара хьакхарх новкъарло хир яц. Иштта хьо юха а, юха а хьоькхуш lийча ламаз доха герга ду. Вайна иштта бехкамаш бина имам Шафиlийс (Дала къинхетам бойла цуьнах). Тlаккха, хьовсал, могlаре хlотта везаш хилча а, хьалхара тlехьа, я тlехьара хьалха вала везаш хилча а цхьа ког боккхий, шолгlа ког боккхий дlанисло, амма цул сов кхозлагlа ког баккха бакъо яц, и дан вайна бакъо ца елла. Хьанафис волавелла дlо генна дlавахча а ца духуьйту ламаз. Цундела маьl-маьl1е ла а доьгlуш ма эца и хlуманаш схьа, вайн мазхlабан имамо магийтинчунна тlехь лелон дезаш ду вай дин, цу тlехь нисдаларехь Дала товфикъ лойла вайна!

**Коьртахь хlума а йоцуш ламаз эца мегар дуй зудаберана а, зудчунна а?**

Коьртахь йовлакх доцуш ламаз эца мегар ду, нагахь санна и ламаз оьцуш йолу зуда кхечу зударшна юкъахь елахь, мегар дац чохь божарий болуш йолчу меттехь-м. Тlаккха масхьу дечу хенахь шен йовлакхана чухула куьг кхачахь чухула, тlехула куьг кхачахь тlехула шен масхьу дича ер ю иза, коьртара йовлакх дlадоккхур дац божаршна юкъахь елахь.

# ГАЛМОРЗАХАЛЛАШ

Сахьабаш болчу заманахь цара хьаналниг атта динера.

Тlаккха хьарамниг лело хала хилира.

Кху заманахь хьаналниг хала дина, цундела хьарамниг аттачу даьлла.

Къечу кlанта йоl ехча, цунна дуьхьало йо.

Ткъа lесачу хьоладас ехча, цуьнга йохуьйту, Дала нисвийр ву и олий. Дуьххьарлерачунна реза хlунда ца хуьлу, Дала рицкъа лур ду цунна аьлла? Нисвешверг вац-те И рицкъа луш верг а?

***Iаьрбийн маттера гочдинарг – Тимералиев Ахьмад***

# ЮНУС-ПАЙХАМАРХ ЛАЬЦНА

## *(Делера салам хуьлда цунна)*

Юнус-пайхамар Ибрахlиман (Делера салам хуьлда цаьршинна) тlаьхьенах ву. Цуьнан ден цlе Матта хилла. Веза-Сийлахьчу Дала Юнус (Делера салам хуьлда цунна) элча вина вахийтина lиракъехь йолчу Найнава олучу юьртан охlланна. Шена чохь бlе эзар сов адам дехаш йоккха юрт хилла доладелла. Юьртан охlланна хиъна, Юнуса (Делера салам хуьлда цунна) чlагlо йина долу lазап шайна тlе досса герга дуйла. Дала царна дагатесна тоба а дина Шега берзар. Тlаккха уьш берриге а цхьана майданахь гулбелла. Деле ийман диллина, Цунна хьастабелла, кхаа дийнахь кхаж тесна, тlаккха а Юнусан (Делера салам хуьлда цунна) кхаж баьлла. Цунна хиъна ша Далла хьалха бехке хиллий, иза дохковаьлла Цуьнгара пурба а доцуш ша дlавахарна. Цара иза хlорда чу кхоьссича, хlорд карзахбаьллачуьра сецна. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Баккъал а, Юнус элчанех ма Анта, субхьанака, инни кунту миназзалимийн», – ша олуш.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Оха цунна жоп делира, иза сингаттамах кlелхьарваьккхира, иштта кlелхьарбоху Оха муъмин нах». «Аль-Анбияъ», 88.

Веза-Сийлахьчу Дала Юнуса (Делера салам хуьлда

и. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Оха вахийтира иза бlе эзарна (дуккха а нахана) тlе я цул сов болчаьрга». «Ас-Соффат», 147.

Ибн Касийра (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина, оцу юьртахь дуккха жlараш яра, адамаша царна lибадат деш, аьлла. Юнуса (Делера салам хуьлда цунна) масийтта шарахь Веза-Сийлахьчу Далла lибадат даре кхайкхина уьш. Бакъду, уьш керсталла дечуьра юхабовлуш ца хилла, цара Юнус-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) харцвина. Шайгахь йолчу lесаллица дозанал тlехбевлла, цунна кхерамаш тийса буьйлабелла уьш, цул хьалха баханчу пайхамаршна (Делера салам хуьлда цунна) кхерамаш тийсарх терра. Тlаккха Юнус (Делера салам хуьлда цунна) оьгlаз а вахана, царна юкъара дlавахана. Цо царна чlагlо йина, кхо де даьлча, цаьрга Делера lазап кхочур ду, аьлла. Делера пурба доцуш, шен къам дитина, хlорда йисте вахана Юнус (Делера салам хуьлда цунна). Стиглахь lаьржа мархаш гучуевлла, ткъес детта а боьлхуш, шайна гечдар дехна цара. Тlаккха Везчу Дала Шен къинхетамца царна тlедан кечделла долу lазап дlаайбина. Цундела Веза-Сийлахьчу Дала Къуръана чохь аьлла: «Ийман диллина цхьа а юрт хиллий ткъа, цуьнан иймано цунна пайда а беш, Юнусан къам доцург? Цара ийман диллича, Оха айдира царах дуьненан дахарехь сийсазаллин lазап, Оха дика а хьегийтира цаьрга цхьа хан тlекхаччалц». «Юнус», 98.

Юнусана (Делера салам хуьлда цунна) шен къомах хилларг хууш ца хилла. Дала дина омра а доцуш, иза адамех доьттинчу хlордкемана тlехиъна. Кема дехьо даьлча, хlорд ловзабаьлла, уьш хlаллакьхила гергабахана. Кема дайдархьама, цунна тlера маххьаш хlорда чу кхийсина цара, амма и дайлуш ца хилла. Тlаккха шайна юкъахь кхаж таса барт бина цара, кхаж баьлларг хlорда чу кхуссур волуш. Дуьххьарлера кхаж Юнус-пайхамарна (Делера салам хуьлда цунна) баьлла, амма царна и хlорда чу кхосса ца лиъна. Шозлагlа а, кхоазлагlа ву. Иза ведира (шен къомах) дуьззинчу кемана тlехь. Цо кхаж тесира – иза эшначарах хилира. И кхаьллира боккхачу чlеро, и бехке а волуш». «Ас-Соффат», 139-142.

Веза-Сийлахьчу Дала оцу чlере омра дина, цуьнан жижиг ма даа, цуьнан даьlахкаш ма кегъе, иза хьан рицкъа дац, аьлла. Юнус-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) оцу чlеран кийрахь шовзткъа дийнахь лаьттина. Ша чlеран кийрахь волчу хенахь, цунна хезна хlорда чохь долчу lаламо Далла деш долу тасбихь. Иштта Дала цунна дагатесна Шена тасбихь дар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Боданашкахь волуш (Деле) кхайкхира иза: «Ла илахlа илла Анта, субхьанака, инни кунту миназзалимийн (Хьо воцург кхин Дела вац, Хьоьца там боцчух цlена ву-кх Хьо, со хилла-кх зулам диначарах)». «Аль-Анбияъ», 87.

Делера пурба а доцуш, шен къам а дитина дlавахар бахьана долуш кхаьчна цуьнга и хьал. Юнуса (Делера салам хуьлда цунна) юх-юха а тасбихь дина: «Ла илахlа илла цунна) дечу доlина жоп делча, оцу чlеро хlорда йисте а беана, шен кийрара охьатесна иза.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Баккъал а, иза ца хиллехьара тасбихь дечарах, вуьсур ма вара цуьнан кийрахь уьш юхадендечу (къемат) дийне кхаччалц. Оха иза кхоьссира есачу аренга, иза цомгаш а волуш. Оха далийтира цунна туьтен (гlабакхан) дитт». «Ас-Соффат», 143-146.

Гlабакхан дитт хlунда хаьржина Дала? lеламнаха жоп делла: «Дала и хаьржина, цуьнан даккхий гlаш а, хаза хьожа а йолу дела, цунна герга сагалматаш (насекомые) ца йоьлху дела». Дала цунна тlе lуьйрана а, суьйрана а газа йохуьйтуш хилла, цуьнан шура молуш и хене валийтархьама. Цунна гlоли хилча, Дала иза юха а дин кхайкхон вахийтина. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Оха вахийтира иза бlе эзарна (дуккха а нахана) тlе я цул сов болчаьрга. Цара ийман диллира, тlаккха Оха дика хьегийтира цаьрга цхьа хан тlекхаччалц». «Ас-Соффат», 147-148.

Хlокху дийцарехь боккха хьехам бу, Делан къинхетамах дог ца дуьллуш, нах нийсачу новкъа бохуш къахьега дезаш хиларна тlехь. Имам Бухарис хьадис далийна, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Цхьанна а лайна товш дац ша алар: «Со Маттан кlантал Юнусал дика ву».

**ХIОКХУ ВАЙ ДИЙЦИНЧУХ СХЬАЛАЦА ДЕЗАРГ**

1. Юнус-пайхамар Ибрахlиман (Делера салам хуьлда цаьршинна) тlаьхьенах волуш, веза пайхамар хилар.
2. Пайхамарш (Делера салам-маршалла хуьлда царна) харцбинчу, lесаллехь дозанал тlехбевллачу нахана тlе Дала lазап доссош хилар.
3. Шайгара дийлинчу къиношна дохко а бевлла, тоба дина, Шега бирзинчарна Дала гечдеш хилар.
4. Юнус-пайхамаре (Делера салам хуьлда цунна) кхаьчна йолу сийсазалла – Делера пурба доцуш, шен къам дlатесна и дlавахар бахьанехь кхаьчна хилар.
5. «Ла илахlа илла Анта, субхьанака, инни кунту миназзалимийн» деза тасбихь хилар.
6. Дала кхоьллина мел долу халкъ Цунна тасбихь деш хилар.
7. Ша кхоьллина халкъ Дала рицкъа ца луш тесна дуьтуш цахилар.
8. Делан къинхетамах дог ца дуьллуш, нах нийсачу новкъа бохуш вай массара а къахьега дезаш хилар.

***Магомедов С.***

> *Хьуна хаа деза, хьан дахар ахь ечу ойланашка хьаьжжина хилар. Нагахь санна хьан ойланаш хьуна хьан динехь а, дуьненахь а пайде долчуьнгахь хилахь – дахар дика а, ирсе а хир ду хьан. Ца хилахь – хир дац хьуна иштта дахар.*
>
> *Шайх Iабдуррахьман ас-Саlдий*

# ИСЛАМ ПРИЗЫВАЕТ ТВОРИТЬ ДОБРО

Будет большим заблуждением думать, что в религии Ислам предписаны жестокость, враждебность и зло по отношению к другим людям. Более того, эти понятия не совместимы с пониманием Ислама как такового, ибо он предписывает последователям лишь вершить добро. Приведем несколько доказательство того, как цениться в религиозных догмах доброта!

Что говорит Коран?

Начнём с текстов Священного Корана. Всевышний Аллах во многих местах Корана призывает творить добро и быть справедливыми. Есть ряд аятов Корана, призывающих к добру:

«Творите добро, – быть может, вы преуспеете» – сура «Хадж» ,аят 77.

«Мы внушили им (пророкам) вершить добрые дела» – сура «Пророки», аят 73.

«Воистину, Аллах повелевает блюсти справедливость и делать добро» – сура «Пчёлы», аят 90.

Примечательно, что устоявшееся словосочетание «Добро вернется добром» отражено в Коране: «Тем, кто творил в этом мире добро, будет воздано добром» – сура «Пчёлы», аят 30.

«Если вы творите добро, то поступаете во благо себе» – сура «Перенёс ночью» , аят 7.

«Вы являетесь лучшей из общин, появившейся на благо человечества, повелевая совершать одобряемое, удерживая от предосудительного и веруя в Аллаха» – сура ф«аль-Имран», аят 110.

Что говорит Сунна?

Сунна Пророка Мухаммада, мир ему и благословение Всевышнего, полностью раскрывает суть совершения добра и объясняет, что доброжелательность по отношению к другим характерно мусульманину.

Пророк сказал: «Самые лучшие из людей – это самые полезные для людей» (передано Ибн АбиДунья и ат-Табарани).

Также он говорил: «Любое доброе дело – это милостыня (садака)» (передано аль-Бухари).

Пророк сказал: «Ни в коем случае не пренебрегай никакими добрыми делами, даже если речь идёт о том, чтобы встречать брата с радушным выражением лица» (передано имамом Муслимом).

Посылая кого-либо из сподвижников с поручением, Пророк говорил: «Приносите радость, а не отпугивайте. Облегчайте, а не обременяйте» (передано аль-Бухари и Муслимом).

Также Пророк говорил: «Кто призывает делать добро, тому – награда, подобная награде того, кто его делает» (передано имамом Муслимом).

Здесь приведена лишь часть наставлений о совершении добра. В исламском вероучении их очень много. Необходимо осознать, что, когда мы слышим о том, что Ислам призывает к несправедливости, или несёт в себе некое зло, вспомните эти аяты и изречения Пророка, мир ему и благословение Всевышнего. И вам станет ясно, что Ислам – один, а мусульмане – разные!

Переведено специально для «Инфо-Ислам», Тимур Шарафиев

***Подготовил в печать С.Муртазаев***

* * *

Абу Муса, да благословит его Аллах, передал, что Пророк Мухаммад, мир Ему, говорил:«Скажи:

«Ла’ хьавла ва ла’ къуввата илла’ билла’хl».

Воистину, этот Зикр – сокровище из сокровищницы Рая». Передали имамы Аль-Бухарий и Муслим.

Толкование этого Зикра: Нет ограждения от попадания в грех без защиты Аллаха Всевышнего. Нет силы при исполнении ибада (при выражении покорности и послушания) без помощи Аллаха Всевышнего.

Нет спасения и силы без помощи и защиты Аллаха Всевышнего.

О важности этого Зикра говорил Пророк Ибрахим Пророку Мухаммаду, мир Им, в ночь Вознесения, когда они встретились.

Пророк Ибрахим, мир Ему, спросил Архангела Джибраиля, мир Ему:

«О Джибраиль, кто с тобой?». «Мухаммад», – ответил Архангел. Тогда Пророк Ибрахим обратился к Пророку Мухаммаду, мир Им:

«О Мухаммад! Приказывай своей общине, чтобы она больше сеяла дары Рая, так как земля Рая благословенная, широкая и щедрая». Тогда Пророк Мухаммад, мир Ему, спросил: «Это что за саженцы Рая?». Пророк Ибрахим, мир Ему, ответил:

«Ла’ хьавла ва ла’ къуввата илла’ билла’хl».

Передали имамы Ахмад и Ибн Хиббан.

Ат-Табараний передал, что Пророк Мухаммад, мир Ему, сказал:

«Кто произнесет «Ла’ хьавла ва ла’ къуввата илла’ билла’хl», тот получит лечение от девяноста девяти болезней и самые простые из них – это беспокойство и тревога».

* * *

Имам Аш-Шафий сказал: В судный день когда приоткроется занавеса скрывающая возногрождения за благодияния людей, они не увидят вознагрождения более великого чем полученого за поминания Всевышнего Аллаха. После люди станут скорбить, скажут: Не было для нас ничего легче чем поминания Аллаха.

Это благодеяние не нуждающееся в омовении, не в направлении к къибле, не к приготовлению к этому, не в определенном времени, и в месте с этим это благодеяние не совершает кроме как малое количество людей, которые удостоинны его совершать.

Всевышний Аллах говорит: (и для мужчин и женщин, многократно поминающих Аллаха в сердцах, в речах, в мыслях, уготовил Аллах прощение грехов и великую награду за их деяния). Сура Аль-Ахьзаб, аят 35.

* * *

Цхьана дийнахь Имам Ахьмад цомгаш хиллера, метта воьжна вара иза, цуьнга хьажа вахара цуьнан доттагl Имам Шафиlи.

Шифиlина Ахьмад гинчу хенахь чlогlа цамгар кхетта,

Шафиlи гlайгlане хилира. Цул тlаьхьа Шафиlи цомгаш хилира.

Ахьмадана хиинчу хенахь Шафиlи цомгаш хиллийла, шен дегl лаьцна Шафиlи волчу вахара иза, цуьнан хlусаме.

Ткъа Шафиlис иза шена гича элира:

*Везнарг цомгаш хилира,*
*Со цунна зерате вахара,*
*Со цомгаш хилира*
*Цуьнан гlайгlанна.*

*Везначунна гlоли хилира,*
*Иза со волчу веара,*
*Суна гlоли хилира,*
*Сайна везнарг вайча!*

Иза ду-кх Делан дуьхьа везар!

***Хlара дийцар редакце дайтинарг Магомадов Юсуп ву***

№ 9 (362) Исламан зIаьнарш
2016-чу шеран 12-гIа май


*Мы их помним*

# БЕЗ ВИНЫ ВИНОВАТЫЙ

Как мы знаем из истории коллективизации и так называемой «борьбы с бандитизмом», советская власть жестоко расправилась сначала с зажиточными крестьянами (кулаками), а потом с интеллигенцией и духовными лицами. Отчитываясь перед центром о своей работе и показывая свою «активную деятельность», работники НКВД порой расправлялись с мирными гражданами, навешивая на них ярлыки «кулаков», «контрреволюционеров», «врагов народа» и т.д. Причем, центральная власть сама диктовала им такие «методы» работы. Впоследствии эта система перемолола судьбы не только жертв, но и их палачей и вершителей судеб. Таковым был сценарий «вождя всех времен и народов» и главного палача советского народа Сталина.

Еще в царские времена власти преследовали известных духовных лиц, шейхов-авлия и выселяли их из Чечни в разные губернии, из-за боязни их популярности в народе. В советское время они также почитались народом и простые люди советовались с их потомками. У многих из них судьба сложилась трагически. Хотя их на самом деле сажали в тюрьмы из-за духовной деятельности, но в судах им инкриминировали антисоветскую деятельность, саботаж против колхозного строительства (коллективизации), пособничество бандитизму и т.п. Они не признавали эти ложные обвинения. Но власти их наказывали без оснований. Это было издевательство государства над своим народом по всей стране Советов.

Например, кадий села Новые Атаги Халим Берсанов был репрессирован в 40-х годах за то, что он совершил в мечети села рузба-намаз (коллективную молитву) после запрета властями.

Одной из жертв того периода является житель селения Ишхой-Юрт Гудермесского района Чечни Мовлади Саидов – молодой преподаватель арабского языка, обвинённый в духовной деятельности и религиозности. На муллу Саидова была возведена клевета, что якобы он занимается агитацией против советской власти. Арестован 5 февраля 1933 г. ОГПУ. Заседанием Крайполиттройки при ПП ОГПУ СКК от 14 марта 1933 г. осужден к 8 годам.

Далее расскажем о другой личности – потомке и внуке известного шайха Башира (Абу Аксайского) из сел. Ташкичу – Баудине Баширове.

Старики рассказывали, а теперь и архивные документы подтвердили, что раньше в Новых Атагах проживали потомки шайха Абу Аксайского из сел. Ташкичу. Это был Арип Баширов – второй сын шайха Абу. Он здесь же и скончался. Атагинцы хотели его похоронить в своем селе, но чтобы исполнить завещание его отца Абу, был похоронен в сел.Ташкичу (с. Аксай), на родовом кладбище Башировых. Автор этой статьи, сам житель села Новые Атаги, предполагает, что они поселились в этом селе в то время, когда здесь кадием села стал Элах-мулла – самый любимый ученик и мюрид шайха Абу Аксайского. Они были проповедниками накшбандийского тариката в Чечне и Дагестане, а кадырийский тарикат у нас стал распространяться с появлением на духовной арене Кунта-Хаджи Кишиева. По документам уголовного дела, заведенного НКВД на Баудина Баширова, его ошибочно представляют как последователя Кунта-Хаджи.

В дореволюционные годы несколько лет кадием села Новые Атаги был Далхьа Баширов – сын Апти-шайха, старшего сына Абу Аксайского. Некоторое время жил в Новых Атагах также поэт-писатель Абдулла Баширов, младший сын Апти-шайха.

В данной статье далее мы расскажем, основываясь на архивных документах, о трагической судьбе Баудина Баширова. В 1937 году работники НКВД сфабриковали на него обвинение и подвергли его заключению в ИТЛ сроком на десять лет. Он обвинялся в распространении антисоветских провокационных слухов о гибели советской власти, в том, что призывал не пускать детей в советские школы и не допускать закрытия мечетей. Копии этих документов мне предоставил один из потомков рода Башировых – Магомед, который получил их по запросу из Центрального архива ФСБ России.

«Дело по обвинению Баширова Баудина хранится в ЦА ФСБ России по шифром: фонд Архива уголовных дел (АУД), дело П-8247, год 1937».

Далее процитируем содержание документа «Постановление» о предъявлении обвинения и избрании меры пресечения 1937 г., сентября 7 дня, сел. Ведено, Веденского р-на ЧИАССР.

«Я, начальник Веденского р/о НКВД, сержант УГБ Исаков, рассмотрев следственный материал по делу, приняв во внимание, что гр-н Баширов Баудин, житель села Новые Атаги, кулак, от ареста скрылся, 45 лет, б/партийный. Достаточно изобличается в том, что он – Баширов Баудин, кулак, в июле месяце с/г Староатагинским р/о НКВД подлежал аресту, но из Староатагинского р-на сбежал и скрылся от ареста, вел антисоветскую агитацию.

ПОТОМУ ПОСТАНОВИЛ: Баширова Баудина привлечь в качестве обвиняемого по ст. 58-10 УК РСФСР, а мерой пресечения способов уклонения от следствия и суда избрать: заключить под стражу при КПЗ Веденского р/о НКВД, для немедленной переотправки в УНКВД по ЧИАССР».

*Подписал начальник Веденского р/о НКВД Исаков.*

Настоящее постановление было объявлено Б. Баширову 7 сентября 1937 года. Подпись обвиняемого – отпечаток пальца.

Копия обвинения была направлена Веденскому районному прокурору, который санкционировал арест Баширова.

Согласно ордеру на арест № 169 от 7 сентября 1937 года, сотруднику Берсанову было поручено произвести обыск и арест Баудина Баширова в селе Махкеты, Веденского р-на ЧИАССР.




Анкета арестованного дает следующие сведения о Баудине Баширове:

«Родился в 1890 году, место рождения село Новые Атаги, Старо-Атагинский р-н ЧИАССР, род занятий – колхозник, имущественное положение – 1929 года: дом, 1 лошадь, 1 корова. То же самое до 1917 года :дом, 2 лошади, 1 корова. Социальное положение на момент ареста: колхозник середняк. Служба в царской армии – не служил. Служба в белой армии – не служил. Служба в Красной армии – не служил. Социальное происхождение – из крестьян середняков. В политических партиях не состоял. Национальность и гражданство: чеченец, гр-н СССР. Партийность –беспартийный. Образование – неграмотен. На воинском учете не состоит. Состоял под судом и следствием – арестовывался в 1932 году за контрреволюционную деятельность. Состояние здоровья – здоров.

Состав семьи:
Жена – Амат, 35 лет, домохозяйка, проживает в с. Новые Атаги.
Дочь – Берлан, 13 лет, учащаяся, проживает в с. Новые Атаги.
-//- - Роза, 8 лет, учащаяся, проживает в с. Новые Атаги.
Брат - Алаудин, 25 лет, служащий, проживает в г. Грозный.
-//- - Заудин, 30 лет, единоличник, проживает в с. Алды.
Подпись арестованного (неграмотный).
1.Особые внешние приметы: среднего роста, волос черный, глаза серые.
2. Кем и когда арестован : опер. группой Веденского р-на 7/IX-37 года.
*Подпись сотрудника заполнившего анкету (подпись).*
3 октября 1937 года.
Неграмотному Баширову анкету прочитали, с записью он согласен.
*(подпись лица заполнившего анкету).*




**Далее приводим протокол допроса Баширова:**

«1937 года, октября мес. 3 дня: я уполномоченный УГРО Тевосьян допросил в качестве обвиняемого Баширова Баудина 1890 г.р. Место рождения с. Новые Атаги Староатагинского р-на, место жительства то же самое. Национальность и гражданство – чеченец, гражд. СССР, паспорта нет. Род занятий – колхозник, соц-е происхождение из крестьян-середняков. Соц-е положение до революции – крестьянин – середняк и после революции то же самое. Состав семьи – женат на иждивении 2-е детей. Образование – неграмотный. Партийность – беспартийный. Каким репрессиям подвергался: а) до революции – нет; б) после революции – в 1932 г. арестовывался органами ОГПУ за контрреволюционную деятельность.

Награды– нет, на воинском учете – не состоит, служба в Красной Армии – нет, служба в белой армии – нет, участие в бандах, к.р. организациях – нет, сведения об общественно-политической деятельности – нет.

Показания обвиняемого Баширова Баудина. 3 октября 1937 года.

**Вопрос:** Признаете ли вы себя виновным в том, что являясь кулаком, враждебно настроенным против сов. власти, систематически проводили к.р. работу против сов. власти и ее мероприятий, признаете это?

**Ответ:** Я этого не признаю.

**Вопрос:** Следствием установлено, что вы скрывались от органов власти, 1 августа сего года прибыли в сел. Махкеты, вы остановились в доме к-р. Янгулбаева, собрали группу колхозников и мюридов секты Кунта-Хаджи, стали распространять слухи о войне и скорой гибели сов. власти, призывали колхозников организованно воспрепятствовать мероприятиям сов. власти, призывали колхозников выйти из колхоза и работать единолично, признаете это?

**Ответ:** Я этого не признаю.

Тевосьян (подпись)

**Вопрос:** Следствию также известно, что в конце августа м-ца сего года вы, находясь в с. Махкеты, собрали группу колхозников до 12 ч. в том числе Абдуева, Абдулаева и др. в разговоре заявили, что приехали сообщить новость о том, что сов. власть скоро погибнет, призывали молиться в мечети и распространяли контрреволюционные слухи о скором приходе к власти Мусульманской, Германия уже отвоевала советский Дальний Восток и идет в глубь Советского Союза. Подтверждаете это?

**Ответ:** Я этого не подтверждаю.

**Вопрос:** Следствию известно, что вы являетесь племянником известного шейха Абдул-Вагап-хаджи и вы с ним вместе организовали моление «Зикар».

**Ответ:** Я с шейхом Абдул-Вагап-хаджи встречался до моего ареста, но с ним в зикре не участвовал и он моим дядей не является.

Больше показать не могу, протокол неграмотному Баширову прочитан и переведен на родной язык, с записью он согласен.

Перевел: (подпись).
Допросил: Тевосьян (подпись).

**Выписка из протокола № 13**
Заседания тройки НКВД ЧИАССР от 20 октября 1937 года.

**Слушали:**
Д №-20741 УГБ НКВД ЧИАССР.

По обвинению Баширова Баудина, 1890 г. р., урож. и жит. с. Новые Атаги, Атагинского р-на ЧИАССР, бывшего кулака, мюрида секты «Кунта-Хаджи».

В 1919-20 г. принимавшего активное участие в разгроме красных частей и отряда тов. Гикало.

В 1933 году арестован за контрреволюционную деятельность.

Обвиняется в том, что, скрываясь от органов власти, в Веденском р-не распространял контрреволюционные слухи о гибели сов. власти. Призывал не пускать детей в сов. школы и не допускать закрытия мечетей.

**Постановили:**
Баширова Баудина заключить в ИТЛ сроком на десять (10) лет. Считать срок с 7 сентября 1937 года.

(Докл. Кураксин). Верно: секретарь (подпись).

**«Утверждаю»**
Прокурор Чечено-Ингушской АССР
Государственный советник юстиции 3 класса (подпись) А.И. Ростов
02 июня 1989 года.

ЗАКЛЮЧЕНИЕ

В отношении Баширова Баудина по материалам уголовного дела (арх. № 1233).

Фамилия , имя, отчество – БАШИРОВ БАУДИН. Дата и год рождения 1890.

Место рождения – с. Новые Атаги, Атагинского р-на ЧИАССР.

Сведения о партийности – беспартийный.

Место работы и должность до ареста – колхозник колхоза им. Кундухова, Атагинского р-на.

Данные о родственниках – нет.

Дата ареста, предъявляемое обвинение, когда и каким несудебным органом было вынесено решение по делу 7 сентября 1937 года, обвинялся в том, что он распространял антисоветские провокационные слухи о гибели сов. власти, призывал не пускать детей в советские школы и не допускать закрытия мечетей, 20 октября 1937 года тройкой при НКВД ЧИАССР подвергнут заключению в ИТЛ сроком на 10 лет.

БАШИРОВ БАУДИН подпадает под действие ст. 1 Указа Президиума Верховного Совета СССР от 16 января 1989 года «О дополнительных мерах по восстановлению справедливости в отношении жертв репрессий, имевших место в период 30-40-х и 50-х годов».

Старший помощник прокурора Чечено-Ингушской АССР по надзору за следствием в органах госбезопасности (подпись) В.С. Постников.

Начальник подразделения КГБ Чечено-Ингушской АССР (подпись) М.Г. Бибиков.1 июня 1989 года.

В документах дела пишут, что внук Шейха Абу Аксайского Баудин был неграмотным, что удивляет и вызывает недоразумение, каким образом неграмотный человек вёл антисоветскую агитацию.

Судьба Баширова неизвестна до сих пор, как и тысяч других жертв политических репрессий сталинского режима. Даже архивные документы молчат об этом. Неизвестно, когда и как расправились с этим человеком, где он похоронен?

Вот так жестоко расправлялись репрессивные органы советской власти над своими безвинными гражданами по принципу: «Был бы человек, а дело под него найдется». Единственная вина этих людей была в том, что они не желали запрета веры отцов, духовности, закрытия мечетей, а фабриковались против них совсем иные политические статьи. В основном страдали зажиточные крестьяне, духовные деятели, родственники и потомки известных чеченских шайхов, умные волевые интеллигенты. Почти все репрессированные не вернулись из заключения и были уничтожены до окончания срока заключения. Власть безбожников-атеистов их считала своими самыми ярыми врагами и поэтому так жестоко с ними расправлялась. Наши старики рассказывали, что этих людей (ученых-богословов) в подвалах старой Грозненской тюрьмы жестоко пытали, а после расстрела перемалывали в жерновах специальной машины и выбрасывали эту массу в реку Сунжу, что протекала рядом. Во время пыток подсудимых палачи включали музыку на всю улицу, чтобы соседи или проходящие мимо люди не слышали воплей, стонов и криков их жертв.

Отказ заключенного Баширова Баудина в протоколах допроса от вменяемых ему преступлений и Заключение прокурора Чечено-Ингушской АССР от 1989 года А.И. Ростова, полностью доказывает невиновность этого человека. А ведь их («кулаков» –зажиточных людей, которые потом и трудом наживали свое добро, духовных лиц и интеллигенции) в годы политических репрессий (30-40-е и 50-е годы) уничтожено по предположительным оценкам чеченских историков в одной только ЧИАССР от 60 до 80 тысяч человек.

*Вахит Бибулатов*

# ДЕЛАН ЭЛЧАНО ШЕН АСХЬАБАШ ЭФИОПЕ БАХИЙТАР

*(Аллах1ера къинхетам, маршо хуьлда цунна)*

Нийса некъ хаьржира наха,
Махкана тешаме долуш.
Дог цIена, дош лардеш даха,
Вовшашна къинтIера довлуш.

Гушшехь харц лер, ямарт хилар,
Боьха мел дерг дIадаьккхира.
Iеса девлла, къаьркъа мийларх,
Массо вочух тхо цIандира.

Вара иза берахь дуьйна,
Тхуна юккъехь хьалакхиъна.
И Пайхамар хилале а,
«Амин» аьлла цIетиллина.

Тхайна дика вевза дела,
Оха иман диллинера.
Тхуна Дела вовзар, везар,
Мухьаммадан ниIмат дара. (I.с.в.)

Нийсонан да и хиларна,
И бакъ хиларх тхо тийшира.
Ша цхаъ волчу АллахIана,
Iибадат дан тхо хIиттира.

Делан салам шена хиларг,
Бусалбашна и вийзира.
Цо деанарг бакъ дин хилар,
Тхан дегнаша къобал дира.

Куьйга йинчу хIуьппалгашна,
Iамал яр дIа оха тесна.
ТIаккха луьра мостагIалла,
Тхешан къомо тхоьца лаьцна.

Дуьне, Iалам ша кхоьллинарг,
И хиларна АллахI Дела.
Тхан ойланаш самаяьхнарг,
Делан Элча волу дела. (I.с.в.)

Хьо нийсо еш ву-кха аьлла,
Тхуна билгал хьо винера.
ХIокху махка кхалха аьлла,
Элчано тIедиллинера.

Суьрташна Iамал е бохуш,
Юха а тхо хьийзош дара.
Хецна, дин лело ницкъ боцуш,
Iазапе тхо лаьцна дара.

Къизалла, Iазап сов даьлла,
Хьомечу махках тхо девлла.
КхидIа уьш лан ницкъ ца тоьъна,
Тхайн Даймохк оха дIатесна.

Ахь дола тхайн дийр ду аьлла,
Хьан махка тхо даьхкинера.
Ахь нийсо ярх пайдаэцна,
Кхузахь тхо дIанисделлера».

ЖаIфара дийцинчо чIогIа,
Наджашна тIеIаткъам бира.
«Делера хIумма дуй шуьца?»
Паччахьо цуьнга хаьттира.

ЖаIфара тIаккха дийшира,
Аят, «Марьям» сурат чуьра.
Цхьана ханна и висира,
БIаьргех ледош бIаьрхиш дуьра.

Цунах чIогIа асар хилла,
Дог доьлхуш, вилхира паччахь.
Бусалба нахехь дерг хиъна,
Къинхетам боьссира дагчу.

Шен бIаьргех йовлакх а хьаькхна,
Наджаша хьалхахьа ваьлла,
«Къуръан а, Инжил а цхьаьна
Нуьрах схьадаьлла ду» – аьлла.

Даз ца деш, харцонан терза,
ДIахьедеш цо омра дира:
«Геланчаш шу юхадерза…»
Бусалба нехан юьхь йира.

Бусалба нахехьа воьрзуш,
ЖаIфаре цо эли хьостуш:
«Кху махкахь кхерам бац шуна,
Дин лело маршо ю шуна…»

Делера къинхетам, маршо,
Сийлахьчу Элчанна хуьлда!
Сов йолуш вовшашца марзо,
Дуьнен чохь адамаш хуьлда.

*Пашаев Нурди*

